

Fich enfòmasyon sou dwa ou genyen

Depoze yon plent sou aksè pou vote

Kòman pou depoze yon plent



Si w gen pwoblèm ak pwosesis pou vote a, ou gendwa depoze yon plent. Dokiman pou pote plent lan sou sit entènèt Depatman leta Florida (Florida Department of State).

[Dokiman pou pote plent an anglè](#) [Dokiman pou pote plent an espayòl](#)

Seksyon nan dokiman pou pote plent lan

Dokiman pou pote plent lan gen twa seksyon ladan.



Kowòdone

1. Li make sou dokiman an : "moun k ap depoze plent lan" e "sou moun oubyen antite plent lan ye"
2. Se oumenm ki "moun k ap depoze plent lan". Mete non w, nimewo telefòn ou, e adrès ou nan seksyon sa a.
3. Apresa, mete kowòdone moun oubyen antite sou ki w ap pote plent lan anba "sou moun oubyen antite plent lan ye". Jeneralman, moun ekri sekretè deta poutèt travay sekretè deta a se pou konfime rezilta eleksyon yo.



Dekri enfraksyon an

1. Ekri sa ki rive, oubyen sa moun oubyen anplasman an w ap depoze plent sou li a fè. Se menm moun oubyen anplasman ou site anwo a.
2. Di egzakteman sa yo fè, oubyen gendwa fè, ou kwè ki kont lalwa.

Deklarasyon sou fèt yo

Seksyon sa se li ki pi long lan e ki pi enpòtan an nan dokiman an. Se la w ap di sa ki rive nan biwo vòt la. Mete tout enfòmasyon enpòtan sou pwoblèm lan.

- Ki jou li te ye?
- Ki lè li te ye?
- Ki kote sa rive?
- Kiyès ki te la? Si l posib, mete non e nimewo telefòn moun yo. Sa gendwa moun ki wè lè bagay la rive, oubyen lòt moun ki gen menm pwoblèm lan ak ou.



Fich enfòmasyon sou dwa ou genyen

Depoze yon plent sou aksè pou vote



Ou dwe ekri plent ou an alamen. Si w pa ka ekri, ou ka gen yon moun ekri pou ou, men se pou w pote l apre bay yon notè pou notè a siyen papye a. Notè ap fè dokiman an se yon dokiman ofisyèl ou ka soumèt.

Ou ka soumèt plent ou an swa bay Florida Division of Elections oswa bay biwo vòt ki pre lakay ou nan konte a.

Aprè w soumèt plent lan

- Depatman leta a ap deside si plent ou an montre gen yon enfraksyon lalwa.
- Si w pa dakò avèk opinyon pa yo a, ou ka mande pou yon odyans sou dosye.
 - Sa vle di w ap mande pou yon eksplikasyon sou rezilta a.
 - W ap mande pou yo gade pi pre pwoblèm lan.
- Depatman leta a ap ranmase enfòmasyon nan men tout moun sou ensidan an.
- Depi yo gen tout enfòmasyon yo, leta a ap detèmine si gen oubyen pa gen yon enfraksyon.

Si gen enfraksyon lalwa → leta a ap fè tout efò pou ranje sa

Si gen yon enfraksyon lalwa → leta a ap rejte plent lan e l ap pibliye desizyon li an anliy.

Depi ou depoze yon plent, leta a gen 90 jou pou l pran yon desizyon.

Si yo pa pran yon desizyon sou 90 jou sa yo, y ap mande si yo ka gen plis tan pou fè ankèt la. Sèl oumenm ka pwolonje delè a (plis pase 90 jou).

Si w pa pwolonje delè a, leta a gen 60 jou pou ofri w yon konpwomi. Sa rele yon mòd altènatif pou règleman, e se yon jij k ap pran yon desizyon.

Kontakte Disability Rights Florida



Telefonnen **sèvis telefonik pou moun ki gen andikap k ap vote nan 877-352-7337** si w gen pwoblèm pou vote oubyen pou enskri pou w vote poutèt yon andikap.